



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023



Stiker Online

Penulis:
Sari Listyaningsih Hartiningrum

Ilustrator:
Irvan Sinaga





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Stiker Online

Penulis : Sari Listyaningsih Hartiningrum
Ilustrator : Irvan Sinaga
Penerjemah: Sari Listyaningsih Hartiningrum

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

Stiker Online

Penulis : Sari Listyaningsih Hartiningrum
Ilustrator : Irvan Sinaga
Penerjemah : Sari Listyaningsih Hartiningrum
Penyunting : Mulyanto
Penata letak : Irvan Sinaga

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-194-977-6 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 20/34, Arial, Calibri.

ii, 36 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi



Anin bocah kelas loro SD ing Ngayogyakarta. Anindita Harimurti jeneng dawane, duwe angen-angen arep dodolan stiker. Anin, kerep nonton YouTube babagan stiker sing lagi viral.

Wayah sore Ibu kondur seka kantor, Anin wis nyiapake teh kanggo Ibu. Anin kepingin matur marang Ibu supaya dipundhutke stiker.

Sawise salim lan ngambung astane Ibu, Anin njupuk tase Ibu seka sepedha motor. Tas banjur diselehake ruang kerjane Ibu.

Ibu mesem, ngambung pipine Anin, lan pamit arep siram dhisik.

Anin, murid kelas dua SD di Kota Yogyakarta. Anindita Harimurti, nama lengkapnya, berangan-angan untuk menjual stiker. Anin sering menonton YouTube tentang stiker yang sedang viral.

Ketika Ibu pulang dari kantor di sore hari, Anin sudah menyiapkan teh hangat untuk Ibu. Anin ingin sekali menyampaikan keinginannya kepada Ibu supaya dia dibelikan stiker.

Setelah bersalaman dan mencium tangan Ibu, Anin mengambil tas kerja Ibu dari motor. Tas lalu diletakkan Anin di ruang kerja Ibu.

Ibu tersenyum, mencium pipi Anin, lalu pergi mandi.

“Ibu...!”

Anin miwiti rembugan, nalika Ibu lenggah sante ing ruang tamu.

“Dalem, Cah ayu,” wangsulane Ibu.

“Anin pareng matur?”

Anin, bocah sing umure durung genep 8 tahun. Dheweke lagi ajar migunakake basa krama nalika matur karo bapak lan ibune.

“Piye, Ndhuk? Kok kaya-kayane Anin sajak arep matur bab kang wigati?”

Ibu ndangu Anin karo ngelus rambute bocah kuwi.

“Ibu...!”

Anin memulai percakapan, ketika Ibu duduk santai di sofa ruang tamu.

“*Dalem, Cah ayu,*” jawab Ibu.

“Anin boleh bilang sesuatu?”

Anin, gadis kecil yang usianya belum genap 8 tahun. Dia sedang belajar menggunakan *basa krama* (bahasa Jawa halus) ketika berbicara dengan bapak dan ibunya.

“Bagaimana, *Ndhuk*? Kok sepertinya Anin ingin mengutarakan sesuatu yang penting?”

Ibu bertanya kepada Anin sambil mengelus rambut gadis pintar itu.

“Inggih, Bu. Anin badhe nyuwun ditumbaske stiker,” wangsulane Anin.

Ibu rada bingung, ndangu marang Anin, “Weh, stiker kaya apa, Ndhuk?”

Anin njupuk tablete, lan nyaosi pirsane Ibu babagan stiker sing dikarepake.

Ibu mesem lan ngendika, “Ooh..., Anin seneng lan kepengin dolanan stiker kaya kuwi?”

Anin mangsuli, “Inggih, Bu. Pareng ta?”

“Iya, Bu. Anin ingin dibelikan stiker.” jawab Anin.

Ibu agak bingung, lalu bertanya kepada Anin,

“Wow, stiker seperti apa, Ndhuk?”

Anin mengambil tabletnya, lalu menunjukkan gambar stiker yang diinginkannya.

Ibu tersenyum dan berkata,

“Ooh, Anin suka dan ingin membeli stiker seperti di gambar ini?”

“Iya, Bu. Boleh, kan?”



Ibu mesem, lan
ngendika,

“Ya pareng ta ya...
ya sesuk Ibu pundhutke
ya, kuwi isine pira yen
mundhut sakothak?”

“Sakothak niku
isine satus iji, Bu,” Anin
mangsuli pandangune Ibu.

Ibu nerusake anggone
nakoni Anin,

“Lha trus sakothak
regane pira?”

Anin mangsuli,

“Sakothak menika
reginipun 25.000 rupiah.”

“Oh, sakothake regane
selawe ewu rupiah? Ya wis
Ibu dipundhutke patang
kothak sisan. Nek mung
siji ndhak malah rugi,
wong ongkos kirime meh
sarega stiker sakothak,”
ngendikane Ibu.

Ibu tersenyum dan
berkata,

“Tentu saja boleh..
Ya, besok Ibu belikan. Itu
isi berapa jika beli satu
kotak?”

“Satu kotak isinya
seratus biji stiker, Bu,”
Anin menjawab pertanyaan
Ibu.

Ibu kembali bertanya
kepada Anin,

“Lalu, satu kotak
harganya berapa?”

Anin menjawab,

“Satu kotak harganya
dua puluh lima ribu
rupiah.”

“Oh, satu kotak
harganya dua puluh lima
ribu rupiah? Ya sudah,
Ibu belikan empat kotak
sekalian. Karena, kalau
hanya membeli satu, kita
rugi, kan ongkos kirimnya
saja hampir seharga satu
kotak stiker,” kata Ibu.

Anin katon seneng
banjur matur karo ibune,
“Matur nuwun, Ibu.
Anin sayaaang Ibu,”

Anin mesem, banjur
ngrangkul ibune lan
ngambung pipine Ibu.

“Nanging Anindita
kudu tambah sregep sinau
lho ya, ora pareng kendho
anggone sinau.”

Ibu mesem karo
ngelus-elus gegere Anin.

Anin tampak bahagia,
sambil berkata,

“Terima kasih, Ibu,
Anin sayaaang Ibu.”

Anin tersenyum sambil
memeluk dan mencium pipi
Ibu.

”Tapi Anindita harus
tambah rajin belajar, ya.
Tidak boleh malas belajar.”

Ibu tersenyum sambil
mengelus punggung Anin.

Dina candhake,
Anin bali sekolah kanthi
mrengut. Mas Dipta sing
dina kuwi prei sekolahe,
nyawang Anin karo
ngguyu.

“Lhaah..., kok mrengut
wae ta adhikku sing ayu
dhewe iki?”

Aloke Mahadi Pradipta,
jeneng komplite Dipta,
kakange Anin, karo nyiwel
pipine Anin.

Anin tambah mrengut
banjur wangsulan,

“Mas Dipta ki lho... aku
ki keseeel. Aja diganggu,
ta!”

Hari berikutnya,
Anin pulang dari sekolah
dengan wajah cemberut.
Mas Dipta yang hari itu
libur sekolah, melihat Anin
sambil tertawa.

“Lho, adikku yang
paling cantik ini kok
cemberut?”

Kata Mahadi Pradipta,
nama lengkap Dipta. Kakak
Anin itu menggoda sambil
mencubit pipi Anin.

Anin makin cemberut,
sambil menjawab,

“Mas Dipta ni lho,
aku tuh capek. Jangan
ganggu!”



Anin mlebu kamar banjur karo setengah mbanting lawang.

Ora let suwe ngunci lawang seka njero.

Dipta banjur marani kamare adhine, karo ndhodhog lawang kamar,

“Dhik, Mas Dipta njaluk ngapura, ya. Mas Dipta mung gojeg, kok. Ayo kene crita karo Mas. Ana apa, ta?”

Ora let suwe, lawang kamar dibukak. Anin setengah mrengut banjur lungguh ing kursi ruang tengah.

Dipta marani adhine.

Tanpa nunggu suwe, Anin banjur crita kabeh rasa sedhih sing dirasa.

Anin masuk kamar dengan membanting pintu.

Tak berselang lama, Anin mengunci pintu kamar dari dalam.

Dipta lalu mendekati kamar adiknya, kemudian mengetuk pintu kamar Anin.

“Dik, Mas Dipta minta maaf, ya. Mas Dipta bercanda, kok, Ayo, sini keluar kamar, cerita ke Mas. Ada apa, kok Anin cemberut?”

Tak berselang lama, pintu kamar dibuka. Anin masih sedikit cemberut, berjalan dan duduk di sofa ruang tengah.

Dipta menghampiri adiknya. Tanpa menunggu lama, Anin bercerita mengapa dirinya bersedih.

Anin miwiti crita,

“Aku mau lan kanca-kanca didangu Bu Guru. Bu Guru ngendika yen wayah sekolah, ora pareng dol tinuku. Mbuh kuwi panganan, dolanan, uga peralatan sekolah kayata garisan, potelot, setip, lan sapanunggalane. Kamangka aku karo kanca-kanca lagi ajar piye carane bisnis stiker.”

Mas Dipta ngguyu karo gemes nguyel rambute adhine,

“Hahahahaha, Iha Anin ki ya lucu. Neng sekolah kuwi panggonan sinau, dudu dol tinuku. Nek arep dodolan ya neng pasar.”

Anin mulai bercerita,

“Aku dan teman-teman tadi diperingatkan Bu Guru. Bu Guru berkata, di jam sekolah, murid-murid tidak boleh jual beli. Baik itu makanan, mainan, juga peralatan sekolah seperti penggaris, pensil, penghapus, dan sejenisnya. Padahal kan aku dan teman-teman sedang belajar cara berbisnis stiker.”

Mas Dipta tertawa gemas sambil mengusap rambut adiknya.

“Hahahahaha, Anin tuh lucu. Sekolah adalah tempat untuk belajar, bukan untuk jual beli. Kalau mau berjualan, ya di pasar tempatnya, hahahhaa....”

Anin sangsaya
mrengut, banjur njiwit
lengene Mas Dipta banter
banget.

Dipta banjur mringis
lan mbengok,

“Wah kok njiwiti Mas
Dipta, barang. Ngene ya
Dhik, ajar bisnis ki oleh
wae. Nanging ya ora pas
wayahe sekolah.”

Anin mangsuli ora
seneng,

“Terus aku entuk
dodolan nek wayah apa?”

Dipta kanthi sabar
ngandhani adhine,

“Ya, upamane pas
wektu nunggu jam
ekstrakurikuler, utawa
sinau bareng. Bisa uga
pas dolan ning omahe
kancamu. Utawa nek
kancamu ngepasi dolan
mrene.”

Anin semakin
cemberut, sambil mencubit
lengan Mas Dipta dengan
keras. Dipta spontan
meringis dan berteriak.

“Wah, kok nyubit Mas
Dipta, sih? Gini ya Dik,
belajar bisnis tuh boleh
saja. Tapi bukan di waktu
sekolah.”

Anin menjawab dengan
jengkel,

“Terus kapan aku
boleh berjualan?”

Dipta dengan sabar
menjelaskan,

“Ya, misalnya
waktu menunggu jam
ekstrakurikuler, atau
waktu belajar Bersama
atau kerja kelompok di
luar sekolah. Bisa juga
ketika Anin bermain di
rumah teman. Atau ketika
temanmu main ke sini.”



Anin mesem karo
wangsulan,

“Wah, iya Mas. Aku
isa dodolan wayah nunggu
jam ekstrakurikuler
mbathik. Bubarane sekolah
jam 2 awan, wiwit
ekstrakurikuler mbathik
jam 3 sore. Dadi aku duwe
wektu sejam, kanggo
nawakake stikerku.”

Lagi rampung olehe
Anin omong, Ibu kondur
seka kantor. Kaya adate,
Anin lan Dipta salim lan
uluk salam marang Ibu.

Anin gage njupuk tase
Ibu seka motor. Tas kuwi
diselehake neng ruang
kerjane Ibu lan Bapak.
Dipta uga nyiapake teh
anget kanggo Ibu.

Mata Anin tampak
berbinar, dan berkata,

“Wah, iya, Mas. Aku
bisa menjual stiker di
waktu menunggu jam
ekstrakurikuler mbatik.
Pulang sekolah pukul dua
siang, ekstrakurikuler
mbatik dimulai pukul
3 sore. Jadi aku masih
punya waktu satu jam
untuk menawarkan stiker-
stikerku.”

Terdengar suara
motor Ibu pulang dari
kantor ketika Anin
selesai berbicara. Seperti
biasanya, Anin dan Dipta
menyambut kedatangan
Ibu dengan mencium
tangan Ibu.

Anin mengambil tas
Ibu dari motor. Tas itu
diletakkan di ruang kerja
Ibu dan Bapak. Dipta juga
menyiapkan teh hangat
untuk Ibu.

“Wah, sajake Anin karo Mas Dipta lagi rembugan babagan kang wigati iki ya...?”

Ibu ngendika karo ngelus rambute Anin.

“Inggih, Bu. Anin didukani Bu Guru kala wau, hehehe,”

Dipta matur marang Ibu karo ngguyu.

Anin sing krungu banjur wangsulan,

“Mboten didukani kok, Bu, namung dikandhani.”

Ibu sajak kaget, nanging sabar ndangu Anin,

“Wo, lha, kena apa, Ndhuk? Sik Ibu tak siram dhisik ya.”

“Nggih, Bu,” Dipta lan Anin wangsulan bareng.

“Wah, sepertinya Anin dengan Mas Dipta sedang membahas hal penting, ya?”

Ibu berkata sambil mengelus rambut Anin.

“Iya, Bu. Anin dimarahi Bu Guru di sekolah, hehehe,”

Dipta bercerita ke Ibu sambil tertawa.

Anin yang mendengar langsung menjawab,

“Tidak dimarahi kok, Bu, hanya dinasihati.”

Ibu tampak kaget, tetapi dengan sabar menanyai Anin,

“Lho kenapa, Ndhuk? Tapi, sebentar Ibu mandi dulu, ya?”

“Ya, Bu,” Dipta dan Anin menjawab bersamaan.

Bubar Magrib, Mas Dipta lan Anin lungguh ing ruang keluarga, sinambi jagongan. Ing kono, Ibu karo Bapak uga wis lenggah dhisik. Bapak mirsani TV, nanging volume TV-ne rada dilirihake.

Ibu wiwit ngendika,
“Piye mau Anin karo Mas Dipta? Ana bab wigati apa?”

“Niku, Bu, Anin mboten pikantuk dol tinuku wonten kelas. Didangu Bu Guru kala wau.”

Dipta laporan marang Ibune.

Selepas Magrib, Mas Dipta dan Anin duduk di ruang keluarga, sambil berbincang. Ibu dan Bapak juga sudah duduk di sofa ruang keluarga itu. Bapak menonton program acara di televisi, tetapi volume televisinya dikecilkan.

Ibu memulai percakapan.

“Bagaimana tadi Anin dan mas Dipta? Ada hal penting apa?”

“Itu, Bu. Anin tidak boleh berjualan di kelas. Ditegur Bu Guru, tadi,”

Dipta lapor kepada Ibunya.



Anin wangsulan,
“Wuuu..., ora didukani
ya, ning dikandhani...”

Ibu mesem karo
ngendika,

”Iya, Bu Guru ora nate
ndukani, nanging mung
ngandhani wae. Piye Anin
arep crita marang Ibu?”

Anin ndhungkluk
sinambi mangsuli
pandangune Ibu,

“Mmmmm inggih Bu,
kala wau Anin lan rencang-
rencang nembe dodolan
stiker ingkang sampun
dipundhutke Ibu kala
wingi.”

Anin menjawab,
“Wuuu, bukan
dimarahi, tetapi
dinasihati,”

Ibu tersenyum sambil
berkata,

“Iya, Bu Guru tidak
pernah memarahi, tapi
menasihati. Nah, apakah
Anin mau bercerita pada
Ibu?”

Anin menunduk sambil
menjawab pertanyaan Ibu,

“Mmm, iya Bu. Tadi
Anin dan teman-teman
sedang berjualan stiker
yang dibelikan Ibu
kemarin.”

Ibu langsung ngendika,
“Woo, lha iya nek
neng sekolah ora pareng
dodolan, apa meneh
pas jam pelajaran. Sing
diparengake dodolan
upamane pas jam istirahat,
utawa jam pas nunggu
wektu ekstrakurikuler.
Utawa nek pas acara neng
njaba sekolah. Upamane
pas dolan, sinau bareng,
lan sapanunggalane.”

Anin mangsuli,
“Inggih, Bu, Anin
sampun paham.”

Ibu nerusake
pangandikan,

“Ibu uga duwe
pamikiran, mbokmenawa
Anin arep dodolan stiker
sacara online, kaya pas
Anin nyuwun dipundhutke
Ibu stiker kuwi.”

Dengan lembut, Ibu
menasihati Anin,

“Ya, betul sekali. Kalau
di sekolah memang tidak
boleh berjualan, apalagi
di jam pelajaran. Waktu
yang diperbolehkan untuk
berjualan misalnya pada
waktu jam istirahat, atau
waktu menunggu jam
ekstrakurikuler. Atau bisa
juga ketika ada acara di
luar sekolah. Misalnya
ketika kalian saling
berkunjung untuk bermain
besama, ketika belajar
kelompok, dan lain-lain.

Anin mengangguk-
angguk tanda mengerti,
dan berkata,

“Iya, Bu. Anin paham.”

Ibu kemudian
melanjutkan,

“Ibu juga punya ide.
Siapa tahu Anin mau
berjualan stiker online.
Seperti ketika Anin
meminta Ibu membelikan
stiker-stiker itu.”

Anin sajak bingung,
banjur nyuwun pirs
marang Ibu,

“Lewat online pripun,
Bu? Kan radi angel menawi
dodolan sacara online.”

Ibu mangsuli
pitakonane Anin kanthi
sabar,

“Ya aja dibayangke
sing angel dhisik. Lewat
online kuwi isa lumantar
WA misale. Anin isa
nawakke stikere lumantar
WA neng kanca-kanca.
Mengko stiker kuwi isa
diterake neng omahe
kancane Anin, yen
omahe kuwi cedhak.
Utawa diterake pas
neng sekolah, nanging
ngepasi jam istirahat,
utawa pas nunggu jam
ekstrakurikuler, sing ora
ngganggu jam pelajaran.
Utawa diterake pas
sinau bareng uga kerja
kelompok.”

Anin bertanya heran,
“Lewat *online*?

Maksudnya, Bu? Kan sulit
berjualan *online*.”

Dengan tersenyum, Ibu
melanjutkan,

“Jangan dibayangkan
sulit dulu. Lewat *online* itu
maksudnya bisa lewat WA.
Anin bisa menawarkan
stiker melalui WA ke
teman-teman. Stiker itu
nantinya bisa diantarkan
ke rumah teman-teman
Anin yang membeli,
kalau rumahnya dekat.
Atau dibawa pas masuk
sekolah, tapi diberikan
di waktu jam istirahat,
atau waktu menunggu
jam ekstrakurikuler, yang
tidak mengganggu jam
pelajaran. Atau dibawa
waktu ada belajar atau
kerja kelompok.”

Anin manggut-
manggut, sinambi
wangsulane,

“Ooh..., nggih, Bu, Anin
paham. Kados menawi Ibu
pesen lawuh wonten Bu
Rini lumantar WA, nggih?”

Ibu mesem, banjur
ngendika,

“Iya, bener, *Ndhuk*.
Bu Rini biasane nawakake
masakane neng WA.
Mengko, Ibu-ibu sing
ngersakake mangsakane,
mbales WA kuwi. Nah,
biasane putrane Bu Rini
mengko sing ngeterke neng
dalem ibu-ibu kang padha
pesen.”

Sambil mengangguk-
kan kepala, Anin menjawab,

“Ooh, baik, Bu. Anin
paham. Seperti ketika Ibu
memesan lauk di warung
Bu Rini lewat WA, ya?”

Sambil menunjukkan
HP, Ibu menjelaskan
kepada Anin,

“Iya, betul, *Ndhuk*. Bu
Rini biasanya menawarkan
masakannya melalui
WA. Nanti, ibu Rini yang
mengantar ke rumah
para ibu yang memesan
masakannya.”



AL MUTAJIRU HAWA
Bu, Bu, Bu, Bu, Bu

Bu Rini Rempeyek Arbaina



ARBANIA

Assalamu'alaikum, monggo Ibu-ibu
BESOK PAGI WARUNG BU RINI
SUDAH READY aneka sayur & lauk
pauk kagem sarapan.

- 1. SOTO AYAM / PORSI **8K**
- 2. ANEKA GORENGAN (TEM'
MENDOAN, BAKWAN JAG'
@ 1K
- 3. PAHA AYAM GOP-

Anin mesem lan
wangsulan,

“Wah, sekeca sanget
nggih, Bu. Praktis.”

“Iya, praktis, lan ora
ngganggu jam pelajaran,
ta? Hehehe...,” Ibu
gemujeng.

“Oya, Dhik..., mbokdol
pira stikermu kuwi?”
Pitakone Mas Dipta
marang Anin.

Anin mangsuli,
“Takdol rongewu
sastikere.”

Dipta kaget, banjur
takon,

“Haa? Ya ana sing
tuku? Ora kelarangen
kuwi?”

Anin mangsuli
pitakonane Mas Dipta.

“Ya ana Mas, kancaku
sing seneng ya tuku sarega
semono. Nanging ya ora
akeh.”

Anin terlihat gembira
wajahnya, dan berkata,

“Wah, sepertinya
menyenangkan sekali, ya,
Bu. Praktis.”

“Iya, praktis, dan
tidak mengganggu jam
pelajaran, kan? Hehehe,”
Ibu tertawa.

“Oya, Dik, stikermu
kamu jual berapa?” tanya
Mas Dipta.

Anin menjawab,
“Kujual dua ribu untuk
satu stiker.”

Dipta kaget, lalu
bertanya,

“Haa? Ada yang
membeli? Ga kemahalen,
tuh?”

Anin menjawab
pertanyaan Dipta,

“Ada, Mas, teman-
temanku yang suka, mau
membeli dengan harga
segitu. Tidak banyak juga
sih.”

Mas Dipta aweh katerangan,

“Wah kuwi ya kelarangen, Dhik. Ayo coba diitung meneh. Rega stiker sakotak pira?”

Anin wangsulan karo ngeling-eling,

“Rega stiker sakotake 25.000. Sakotak isine 100 iji.”

Dipta nambahi pitakonan maneh marang adhike,

“Nah saiki ditambah ongkos kirim, trus dipara 100. Ketemune pira? Ndilalah Ibu le mundhutake ora mung sakothak, ta?”

Anin mangsuli pitakonane mas Dipta,

“Iya, Mas. Ibu mundhutke patang kothak. Dadi stikere kabeh cacache ana 400 iji.”

Dengan masih kebingungan, Dipta berkata kepada Anin,

“Wah, itu terlalu mahal, Dik. Ayo kita hitung ulang. Harga satu kotak stiker berapa?”

Anin menjawab sambil mengingat-ingat,

“Harga satu kotak stiker 25 ribu rupiah. Satu kotak berisi 100 biji,” jawab Anin.

Dipta melanjutkan pertanyaannya,

“Nah, sekarang ditambah ongkos kirim, lalu dibagi 100. Berapa jadinya? Kebetulan Ibu membelikan Anin tidak satu kotak saja kan?”

Anin mengangguk dan menjawab,

“Iya, Mas. Ibu membelikan 4 kotak. Jadi jumlah stikernya total ada 400 biji.”

Sinambi njupuk kertas lan pulpen, Dipta ngajari Anin,

“Ayo diitung bareng, sakothak regane 25 ewu, Ibu mundhutke 4 kotak. Dadi total patang kothak regane pira?”

“Regane mm... Rp25.000,00 tambah Rp25.000,00 kuwi ketemune Rp50.000,00. Tambah Rp25.000,00 meneh dadi Rp75.000,00 tambah Rp25.000,00 dadi Rp100.000,00 Mas,” wangsulane Anin karo migunakake tangane kanggo ngitung.

Dipta nerusake pitakonan,

“Nah ongkos kirime nek ora kleru mau Ibu ngendika Rp25.000,00. Dadi ditambah total rega patang kothak stiker pira dadine?”


Sambil mengambil kertas dan pulpen, Dipta mulai menjelaskan,

“Ayo kita hitung bersama, harga satu kotanya 25 ribu rupiah. Ibu membelikan 4 kotak. Jadi harga total 4 kotak stiker berapa?”

“Harganya mm, 25 ribu rupiah, ditambah 25 ribu rupiah, jadi 50 rupiah. Ditambah 25 ribu rupiah lagi, jadinya 75 ribu rupiah, ditambah 25 ribu rupiah lagi, jadi, 100 ribu rupiah, Mas.” Anin menjawab pertanyaan Mas Dipta sambil menghitung menggunakan tangannya.

Dipta melanjutkan bertanya kepada Anin,

“Nah, ongkos kirimnya kalau tidak salah tadi Ibu bilang 25 ribu rupiah. Jadi ditambah total harga empat kotak stiker jadi berapa?”



-
- Stiker 1 Kotak 25k
- 1 kotak isi 100 Stiker
- 4 kotak ragane Pira ?
- Ongkos Kirim ... ?
- Rega Per Stiker ... ?



Anin mangsuli pitakonane Mas Dipta sinambi ngorek-orek kertas,

“Mmm..., dadi, rega total stikere Rp100.000,00 ditambah ongkos kirim Rp25.000,00 Mm, kabehe Rp.125.000,00 Mas.”

Dipta nerusake pitakonan,

“Nah, saiki, regane stiker mau dipara cacache stiker total 4 kotak. Ayo. Pira?”

“Mmm..., cacache stiker 4 kotak mau totale 400 stiker. Dadi, Rp125.000,00 dipara 400 stiker. Bener ora, Mas?” pitakone Anin sinambi mikir.

“Iya, bener. Banjur, pira hasile?” pitakone Mas Dipta karo mesem mbeda adhike.

Sambil menghitung di atas kertas, Anin menjawab pertanyaan Dipta,

“Mm, jadi, harga total stikernya 100 ribu rupiah, ditambah ongkos kirim 25 ribu rupiah. Mm, totalnya 125 ribu rupiah, Mas.”

Dipta melanjutnya bertanya,

“Nah sekarang harga stiker dibagi jumlah total 4 kotak stiker. Ayo, dihitung, jadi berapa?”

Anin menjawab pertanyaan Dipta, sambil mencoret-coret kertas,

“Mm, jumlah total stiker 4 kotak ada 400 stiker. Jadi, 125.000 rupiah, dibagi 400 stiker. Betul tidak, Mas?”

“Iya, betul. Lalu, berapa hasilnya?” Mas Dipta bertanya sambil tersenyum menggoda adiknya.

“Wah, angel Mas hehehe, aku diewangi mangsuli, ya?” wangsulane Anin karo manja.

Mas Dipta ngguyu karo menehi katrangan,

“Hehehe, padune wegah ngitung ta kowe, Dhik? Dadi, nek dietung, Rp125.000,00 dipara 400, asile 312,5. Dadi, sastiker kuwi regane sekitar Rp312,50. Dadi, nek upama mbokdol Rp2.000,00 kelarangen, Dhik, Wangune ya didol Rp500,00 utawa Rp1.000,00 rupiah kuwi wis apik banget.”

“Wah iya, ya Mas. Ya sesuk takdol Rp500,00 nganti Rp1.000,00 rupiah wae.” Anin wangsulan karo mesem.

“Wah, susah, Mas, hehe, aku dibantu menghitung, ya?” Anin menjawab manja.

Dipta tersenyum sambil membantu Anin menghitung,

“Hehe, kamu malah menghitung, kan, Dik? Jadi, jika dihitung, 125 ribu rupiah dibagi 400, hasilnya adalah 312,5. Jadi, satu stiker harganya sekitar 312,5 rupiah. Jika misal kamu jual 2 ribu rupiah per satu stiker, terlalu mahal, Dik. Dijual 500 atau 1000 rupiah sudah bagus harganya.”

Anin menjawab dengan mata berbinar,

“Wah, iya Mas, Baiklah, besok kujual 500 rupiah hingga seribu rupiah saja.”



Dipta isih nerusake pitakonan marang adhine,
“Lha trus duite kanggo apa, Dhik?”

“Duite arep takcelengi, Mas, ben aku isa tuku laptop kaya Mas Dipta.”, Anin wangsulan sinambi nudhing laptope Dipta.

Mas Dipta mangsuli karo ngacungi jempol.

“Wah elok, Dhik. Ya muga-muga kabul yaaa kepinginanmu.”

“Wah Anin mundak pinter lho, Bu,” Bapak ngendika ing tengah-tengah obrolane Dipta karo Anin.

Jebul Bapak mirsani TV karo mirengake caturane putra lan putrine.

Ibu mesem karo ngendika,
”Anin ki pancen pinter kok Pak. Kan wis kelas loro SD.”

Dipta bertanya lagi kepada Anin,

“Lalu uangnya buat apa, Dik?”

Anin menjawab sambil tersenyum,

“Uangnya kutabung, Mas, supaya aku bisa membeli laptop seperti milik Mas Dipta.”

Sambil mengacungkan jempol, Dipta tersenyum,

“Wah, mantap, Dik. Semoga terkabul keinginanmu itu.”

“Anin tambah pintar, lho, Bu,” Bapak berkata di tengah-tengah obrolan Dipta dan Anin.

Ternyata Bapak menonton acara TV sambil mendengarkan percakapan kedua anaknya.

Ibu menjawab sambil tersenyum,

“Anin memang pintar, Pak. Kan sudah kelas 2 SD.”

Anin mesem isin
digodha Bapak lan Ibune.

“Mmmm stikere sesuk
arep takbagekne wae kok
Mas Dipta, ora arep tak
dol. Nek ora, aku arep
gawe jurnal nganggo stiker
kuwi, ben kaya Bapak lan
Ibu, ingkang hobine damel
jurnal cerita hehehee”
Anin wangsulan karo isin-
isin.

Dipta mesem karo
takon marang adhine,

“Lho, kok ra sido didol
kena apa, Dhik? Ning kowe
pancen cerdas kok Dhik.
Duwe angen-angen gawe
jurnal cerita nganggo
stiker. Adhiku siji iki
pancen kreatif, lan seneng
sinau. Mula Ibu seneng
maringi hadiah kanggo
kowe, Dhik.”

Anin ngguyu isin-isin,
sinambi mangsuli pitakone
Mas Dipta,

Anin tersipu malu
digoda Bapak dan Ibu.

“Mm stikernya akan
kubagikan saja besok, Mas,
tidak jadi kujual. Aku juga
ingin akan membuat jurnal
menggunakan stiker-stiker
itu, supaya seperti Bapak
dan Ibu, yang senang
membuat jurnal cerita,”
Anin menjawab malu-malu.

Dipta bertanya
keheranan,

“Lho, kok tidak jadi
dijual kenapa, Dik? Tapi
kamu memang cerdas, Dik.
Punya keinginan membuat
jurnal menggunakan
stiker. Adikku ini memang
kreatif, dan rajin belajar.
Makanya Ibu selalu senang
memberimu hadiah, Dik.”

Sambil tersenyum
bahagia, Anin menjawab,



“Hehehe, mulakna kuwi, Mas. Stiker kuwi le mundhut Ibu, hadhiah kanggo aku, dadi ya arep tak dum wae neng kanca-kancaku, ben padha ngrasakake piye rasane entuk hadhiah.”

“Wah ngono kuwi ya apik, Ndhuk. Anindita bisa berbagi marang kanca-kancane. Kuwi uga kalebu tumindak kang mulya, Ndhuk. Berbagi kebahagiaan jenenge. Anin entuk kabagyan seka Ibu lan Bapak, lan diterusake kabagyan kuwi kanggo kanca-kanca,” Ibu ngendika kanthi lembut.

Bapak mangsuli, “Lho, didel ya ora papa kok, Ndhuk. Kan padha wae kuwi usahane Anin dinggo mundhut laptop, ta? Dadi ngenthengake Bapak lan Ibu, ora perlu mundhutake laptop dinggo Anin.”

“Hehe, Begini Mas, stiker-stiker itu yang membelikan Ibu, hadiah untukku, jadi aku akan bagikan saja ke teman-temanku, supaya mereka bisa merasakan bagaimana rasanya mendapatkan hadiah.”

Ibu berkata lembut, “Wah bagus juga itu, *Ndhuk*. Anindita berbagi ke teman-teman. Itu juga termasuk perbuatan terpuji, Nduk. Berbagi kebahagiaan namanya. Anin mendapatlan kebahagiaan dari Ibu dan Bapak, dan meneruskan kebahagiaan itu ke teman-teman.”

Bapak menambahkan, “Lho, dijual juga tidak apa-apa kok, Ndhuk. Itu sama dengan usaha Anin untuk membeli laptop, kan? Jadi, meringankan beban Bapak dan Ibu, tidak perlu membelikan laptop untuk Anin.”

Bapak ngedika maneh, “Anin usaha dhewe nganggo celengane dhewe. Kuwi jenenge latihan berbisnis, berusaha, lan makarya.”

“Oh, mekaten nggih, Pak?” Anin mangsuli karo mesem.

Mas Dipta mbebeda adhine, sinambi omong,

“Nah, sesuk nek celengane wis akeh, aja lali nraktir aku, ya Dhik? Eling mau ngendikane Ibu, ta? Aja lali berbagi kebahagiaan marang sapadha-padha, utamane kanggo kangmasmu sing ganteng ikiiii,”

Anin ngguyu karo mangsuli,

“Huuu Mas Dipta karepe njaluk traktiran wae...”

“Hahahahhaa....”
Bapak, Ibu, lan Mas Dipta ngguyu bebarengan.

Bapak menambahkan lagi, “Anin berusaha sendiri menggunakan uang tabungan sendiri. Itu namanya latihan berbisnis, berusaha, dan bekerja.”

“Oh, begitu ya, Pak?”
Anin menjawab sambil tersenyum.

Dipta berkata sambil tersenyum usil,

“Nah, besok kalau tabungannya sudah banyak, jangan lupa traktir aku ya, Dik? Ingat kan tadi pesan Ibu. Jangan lupa berbagi kebahagiaan kepada sesama, terutama untuk kakakmu yang ganteng ini.”

Dipta menggoda adiknya sambil tertawa.

Dengan kesal, Anin menjawab sambil becanda,

“Huuu Mas Dipta maunya minta traktiran terus..”

“Hahahahhaa..”
Bapak, Ibu, dan Mas Dipta tertawa bersama.





Biodata

Penulis



Sari Listyaningsih Hartiningrum. Pengembang Teknologi Pembelajaran Ahli Pertama di Balai Besar Guru Penggerak Daerah Istimewa Yogyakarta. Pernah menjadi penyiar radio dan juga pembaca berita Basa Jawa “Pawartos” di Jogja TV. Menjadi pengisi suara beberapa program iklan, bumper program, program-program audio/televisi, media profil lembaga, dan sebagainya. Pembaca Cerkak (cerita pendek dalam Bahasa Jawa) dan Pembawa Acara Resban (Radio Edukasi Sastra Budaya Adiluhung Nusantara) di Radio Edukasi. Pernah menulis naskah/skenario untuk media pembelajaran berbasis audio dan televisi. Pernah menjadi penyelia/sutradara media audio/video pembelajaran.

Ilustrator



Irvan Sinaga, lahir di Lubuklinggau, 9 Mei 1997. Ia seorang desainer dan ilustrator. Menggambar adalah hobi yang ia sukai sejak kecil. Sekarang ia aktif sebagai ilustrator buku anak dan bekerja dengan penulis buku anak-anak. Ia ingin karya yang ia buat memberikan kegembiraan, representasi, dan perubahan positif kepada semua orang. Untuk mengenalnya bisa mengikuti instagram @letsvann atau bisa menghubungi lewat gmail Irvansngaauruk97@gmail.com

Penyunting



Mulyanto merupakan pengelola Jurnal Kebahasaan dan Kesastraan Widyaparwa sejak tahun 2016 hingga saat ini. Tugas-tugasnya dalam pengelolaan majalah ilmiah yakni sebagai editor (editor bagian, penyunting, penata letak, dan penyelaras akhir), sempat juga membuat beberapa karya tulis. Sejak tahun 2007 ia juga menjadi penyuluh bahasa di wilayah tempat kerjanya. Saat ini ia memiliki tugas utama sebagai pengelola Uji Kemahiran Berbahasa Indonesia (UKBI) di wilayah Daerah Istimewa Yogyakarta dengan melakukan sosialisasi, pendampingan, pengawasan, dan penilaian tes. Bagi sahabat yang ingin berkomunikasi secara personal dapat menghubungi posel mulyanto.ms@gmail.com. Bagi sahabat yang ingin mengikuti tes UKBI dapat membuka laman ukbi.kemdikbud.go.id.

MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN



Anin adalah siswa kelas dua SD. Ia minta kepada Ibu untuk dibelikan stiker secara online. Rencananya stiker itu akan dijual ke teman-temannya di sekolah. Hasil dari penjualannya akan digunakan untuk membeli laptop. Hari berikutnya, Anin pulang sekolah dengan wajah cemberut. Ibu guru melarang Anin berjualan di kelas. Lalu bagaimana cara Anin berjualan tanpa dimarahi guru?



ISBN 978-623-194-977-6 (PDF)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023